# DI’QQAT, TAN’LAW!

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (53 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (53 KB)

O’zbekistan Ka’siplik awqamlari’ federaciyasi’ ken’esi, O’zbekistan Respublikasi’ Ma’deniyat ha’m sport isleri ha’m Xali’q bilimlendiriw ministrlikleri, O’zbekistan Jazi’wshi’lar, Kompozitorlar awqamlari’, O’zbekistan milliy teleradiokompaniyasi’ ha’m O’zbekistan Milliy ma’limleme agentligi balalardi’ watansu’yiwshilik ruwxi’nda ta’rbiyalaw ha’m wolardi’n’ ruwxi’y jaqtan ba’rkamal insanlar boli’p jetilisiwine xi’zmet yetetug’i’n balalar qosi’qlari’n, poeziyali’q shi’g’armalar ha’m namalardi’ do’retiw boyi’nsha respublikali’q do’retiwshilik tan’lawi’n ja’riyalaydi’.
Tan’lawg’a jasi’na qaramastan, yelimizde jumi’s islep ati’rg’an kompozitorlar, shayi’rlar, balalar do’retiwshilik ja’ma’a’tleri, muzi’ka ha’m ko’rkem wo’ner mekteplerindegi do’retiwshiler mira’t yetiledi.
Tan’law yeki basqi’shta wo’tkeriledi.
Aymaqli’q basqi’sh Qaraqalpaqstan Respublikasi’, barli’q wa’layatlar ha’m Tashkent qalasi’ ko’leminde O’zbekistan Respublikasi’ Xali’q bilimlendiriw, Ma’deniyat ha’m sport isleri ministrlikleri, O’zbekistan Jazi’wshi’lar awqami’ni’n’ aymaqli’q bo’limleri ha’m O’zbekistan Kompozitorlar awqami’ ta’repinen sho’lkemlestirilip, tan’lawg’a do’retiwshilik jumi’slar 2015-ji’l 20-yanvardan 25-martqa shekem qabi’l yetiledi.
Talabanlardi’ saylap ali’w  2015-ji’l 25-marttan 5-aprelge shekem a’melge asi’ri’ladi’.
Tan’lawdi’n’ respublikali’q basqi’shi’ Tashkent qalasi’nda wo’tkeriledi.
Tan’law qatnasi’wshi’lari’n dizimge ali’w, do’retiwshilik jumi’slardi’ qabi’l yetiw 10-aprelden 20-aprelge shekem, talabanlardi’ saylap ali’w 20-aprelden 25-aprelge shekem sho’lkemlestiriledi.
Tan’law to’mendegi bes bag’dar boyi’nsha wo’tkeriledi:
- qosi’q ushi’n jarati’lg’an yen’ jaqsi’ poeziyali’q shi’g’arma;
- qosi’q ushi’n jarati’lg’an yen’ jaqsi’ muzi’ka;
- yen’ jaqsi’ qosi’q atqari’wshi’li’g’i’;
- yen’ jaqsi’ balalar dem ali’w worni’ni’n’ gimni;
- yen’ jaqsi’ taqmaqlap qosi’q ayti’w ha’m sapta ju’rip qosi’q ayti’w.

Tan’law jen’impazlari’ 1-iyun - Xali’qarali’q balalardi’ qorg’aw ku’ni qarsan’i’nda ja’riyalanadi’ ha’m O’zbekistan Ka’siplik awqamlari’ federaciyasi’ ken’esi ta’repinen qi’mbat bahali’ sawg’alar menen si’yli’qlanadi’.
Toli’q mag’li’wmat ali’w ushi’n telefonlar:
O’zbekistan Respublikasi’ Xali’q bilimlendiriw ministrligi-239-17-37,
O’zbekistan Respublikasi’ Ma’deniyat ha’m sport isleri ministrligi-239-43-62,
O’zbekistan Jazi’wshi’lar awqami’-227-08-31,
O’zbekistan Kompozitorlar awqami’ -233-08-67,
O’zbekistan Ka’siplik awqamlari’ federaciyasi’ ken’esi-256-87-57,-256-61-86.

Sa'ne: 27.01.2015 12:47, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'